

## Règleman 5.183 Telefòn selilè ak lòt aparèy kominikasyon san fil

1. **Objektif.**—Pou rann kesyon sa a fasil, règleman sa a renouvle ak ogmante sou pòsyon ki te deja egziste nan règleman 5.1812 ak 5.1813 konsènan aparèy kominikasyon san fil yo, pou espliche elèv yo kapab posede aparèy kominikasyon san fil dapre jan lwa § 1006.07(2)(e) Eta Florid la pèmèt sa (eksepte pou telefòn ak kamera), men elèv yo pa gen dwa itilize ni ekspoze kalite aparèy sa yo kèlkeswa lè a sou pwopriyete lekòl la, nan yon fonksyon lekòl la oswa pandan yo nan machin distri a bay kòm mwayen transpò yo.
2. **Definisyon.**— Dapre sans yo itilize yo la a, men definisyon tèm sa yo:
  - a. "Aparèy kominikasyon san fil" vle di yon aparèy elektwonik pòtatif ki gen kapasite resevwa ak/oswa transmèt vwa moun, tèks, oswa mesaj sou fòm done enfòmasyon san li pa bezwen kab pou konekte li, tankou telefòn selilè oswa pòtab, telefòn dijital san fil, radio-telefòn/wòkitòki, bipè telefòn, telefòn PDA (asistan dijital pèsonèl ak kapasite kominikasyon san fil), oswa aparèy RIM ("rechèch mobil") san fil yo.
  - b. "Telefòn ak kamera" siyifi nenpòt telefòn selilè (oswa lòt aparèy kominikasyon san fil) ki kapab fè oswa pran foto dijital.
3. **Restriksyon**
  - a. Elèv yo pa gen dwa posede, ekspoze oswa itilize okenn telefòn ak kamera nan kèlkeswa lè a sou lakou lekòl la oswa pandan okenn pwogram oswa aktivite lekòl la ap fè, enkli ni nan machin lekòl la bay kòm mwayen transpò tou.
  - b. Malgre elèv yo gen dwa pou posede aparèy kominikasyon san fil dapre jan lwa § 1006.07(2)(e) Eta Florid la pèmèt sa, men elèv yo dwe konfòme yo kòm sadwa ak seksyon (4)(a)(iii)(G) nan règleman 5.1812 ak 5.1813 Distri a, ki deklare "si yon elèv posede yon telefòn selilè [oswa lòt aparèy kominikasyon san fil], aparèy sa a ta dwe fèmen ak rete sere andedan valiz, sak liv, bous oswa lòt bagay men jan an, epi li pa dwe ap itilize li (ni li pa dwe kite li sonnen pou emèt okenn son ni lòt bri) sou lakou lekòl la oswa pandan nenpòt pwogram oswa aktivite lekòl la ap fè, enkli ni nan machin lekòl la bay kòm mwayen transpò."
4. **Konsekans.**—Men kalite konsekans ki kab aplike pou vyolasyon règleman sa a:
  - a. Dapre jan sa deklare nan seksyon (4)(a)(iii)(G) Règleman 5.1812 ak 5.1813, izaj oswa ekspozisyon aparèy kominikasyon san fil (ki pa telefòn ak kamera) konsidere kòm ekspozisyon oswa izaj yon objè twoublan ki "deranje atmosfè jeneral lapè ak byennèt etablisman eskolè a, otobis lekòl la, oswa aktivite lekòl ap fè " epi konsekans yo ap aplike kòm sadwa.
  - b. Posesyon oswa itilizasyon yon elèv fè ak telefòn ak kamera sou lakou lekòl la oswa pandan nenpòt pwogram oswa aktivite lekòl la ap fè, enkli ni nan machin lekòl la bay kòm mwayen transpò, ap konsidere kòm "posesyon ak/oswa izaj yon objè oswa trafik nan lekòl la k ap konsidere kòm materyèl inapwopriye" dapre règleman 5.1812 oswa 5.1813, seksyon (4)(a)(iii)(H) ("Atik entèdi, ki pa kriminel") epi konsekans yo ap aplike kòm sadwa.
  - c. Anplis, "izaj aparèy kominikasyon san fil gen ladan posibilite pou lekòl la aplike aksyon disiplinè oswa pèn kriminel si atik la sèvi nan yon zak kriminel." Lwa § 1006.07(2)(e) Eta Florid. Plis ankò, "nenpòt moun ki itilize yon aparèy kominikasyon a doub sans oswa nan de direksyon, ki gen ladan, men pa sèlman limite ak yon aparèy kominikasyon pòtab san fil a direksyon doub, pou fasilite oswa favorize aksyon nenpòt krim grav, komèt yon krim twazyèm degre." Lwa Florid § 934.215.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.43(1); 1006.07(2), Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: §§ 1001.32(2); 1006.07(2)(e), Fla. Stat.

DOSYE ISTORIK: New: 13/9/2004